

Jezi Geri Moun ki Gen Move  
Lespri

# Jesus Heals a Man With Demons



MAK 5:1-20

MARK 5:1-20

Haitian

Spiritual



Jezi Geri Moun ki Gen  
Move Lespri  
Jesus Heals a Man  
With Demons

Illustrations by:  
Fred Adlao

A Connected Planet

Haitian  
Haiti

English Scriptures quoted are from the Good News Bible © 1994 published by the Bible Societies/Harper Collins Publishers Ltd UK, Good News Bible © American Bible Society 1966, 1971, 1976, 1992. Used with permission.

Copyright © 2004, Kartidaya



You may not use this work for commercial purposes. You may adapt and add to this work. You must keep the copyright and credits for authors, illustrators, etc.

Scriptures quoted are from the Haitian Creole Bible: "Bib la Pawòl Bondye an Ayisyen ak liv Dezyèm Kanon yo: dapre tèks Ebre ak tèks Grèk yo Edisyon korije ak diksyonè" © 2003 published by the Société Biblique Haïtienne (Haitian Bible Society; part of the United Bible Societies),

Benjamin Boggess, A Connected Planet



*Jezi ak disip li yo rive lòt bò lanmè Galile a, nan peyi Jerazyen yo.*



Jezi desann soti nan kannòt la. Menm lè a, yon nonm soti nan mitan tonm mò yo, li vin devan Jezi.



Pesonn pa t' kapab mare l', pa menm avèk chenn. Anpil fwa, yo te mete tou de pye l' yo nan yon sep an fè, yo te mare tou de menm l' yo ak yon chenn. Men, chak fwa, li te jwenn mwayen kase ni chenn lan, ni sèp la. Pesonn pa t' gen fòs ase pou donte li.



Tout tan, lajounen kou lannwit, li t'ap  
pwonmennen nan mitan tonm yo osinon sou ti  
mòn yo. Li t'ap rele san rete, li t'ap matirize kò l'  
ak kout wòch.



Li te yon bèl distans lè li wè Jezi. Li kouri, li vin mete ajenou devan li. Li pran rele byen fò, li di l' konsa: -Kisa m' gen avèk ou, Jezi, pitit Bondye ki nan syèl la? Tanpri souple, nan non Bondye, pa fè m' souffri.




(Li te pale konsa, paske Jezi te pase l' lòd sa a:  
Move lespri, soti sou nonm lan).


Lè sa a, Jezi mande li: -Ki jan ou rele?



Li reponn li: -Yo rele m' Rejiman, paske nou anpil. Epi li di Jezi: -Tanpri souple, pa mete nou deyò nan peyi a.



Sou ti mòn lan te gen yon bann kochon ki t'ap  
chache manje pou yo manje. Tout move lespri  
yo pran mande Jezi: -Tanpri souple, voye nou  
sou kochon sa yo non poun antre nan yo.



Jezi bay yo pèmisyon sa a. Lè sa a, move  
lespri yo soti sou nonm lan, yo antre nan  
kochon yo.



Lamenm, tout bann kochon yo pran degrengole desann bò falèz la, al neye tèt yo nan lanmè. Te gen demil (2.000) kochon konsa nan bann lan.



Moun ki t'ap gade kochon yo pran kouri.



Yo gaye nouvèl la nan lavil la kou andeyò.



Moun soti toupatou vin wè sak te rive. Lè yo rive bò kote Jezi te ye a, yo wè nonm ki te gen rejiman move lespri sou li a. Li te chita chita l', byen abiye ak tout bon sans li sou li. Yo tout te pè.



Moun ki te asiste bagay la mete rakonte lòt yo sa ki te rive nonm ak move lespri a ansanm ak kochon yo.

Lè sa a, yo mande Jezi: -Tanpri souple, kite peyi a.



Antan Jezi t'ap moute nan kannòt la, nonm ki te gen move lespri a mande l' pèmisyon pou li ale ave l' tou.



Men Jezi pa t' kite l' ale, li di l' konsa: -Ale,  
tounen lakay ou, nan mitan fanmi ou yo.  
Rakonte yo tou sa Bondye fè pou ou, kijan li te  
gen pitye pou ou.



Nonm lan pati, li ale nan tout rejyon yo rele Dis Vil la. Li mache fè konnen tou sa Jezi te fè pou li. Se te yon gwo sezisman pou tout moun ki te tandè l' pale.



